ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№96 (24.846) • 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# ЯхузэфIэкIахэмрэ къалэнышщIэхэмрэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лъэпкъ, къэрал проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум, инфраструктурэ ухуэныгъэхэр зэIузэпэщ зэращIым, республикэм и бюджетыр илъэсым и япэ Iыхьэм къызэрагъэщхьэпа щIыкIэм теухуауэ Правительствэм совещанэ дригъэкIуэкIащ.**

«ИУЖЬРЕЙ зэманым ди экономикэр йофIакIуэ, абы дытетщ, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым. - Бжыгъэхэм ятетщIыхьмэ, илъэс блэкIам и япэ Iыхьэм елъытауэ, промышленнэ хьэпшып къыщIэзыгъэкI IэнатIэм и индексыр проценти 8-кIэ хэхъуащ, мэкъумэш хозяйствэм ейр - процента 4,6-кIэ, ухуэныгъэм ейр - проценти 4,1-кIэ. Мазихым къриубыдэу республикэм турист мин 912-м зыщагъэпсэхуащ, ар блэкIа илъэсым елъытауэ процент 14,8-кIэ нэхъыбэщ.

Республикэм и бюджетым хэхъуэу иIэр илъэс блэкIам и япэ Iыхьэм елъытауэ процент 19-кIэ нэхъыбэщ. Экономикэр езыгъэфIакIуэ щхьэусыгъуэхэм хохьэ лъэпкъ, къэрал проектхэр. Дызэрыт илъэсым щIыналъэм проект 41-рэ щолажьэ. Республикэр къэралым щыпэрытитхум яхеубыдэ.

Лъэпкъ проектхэм мы илъэсым сом мелард 11,2-рэ токIуадэ. Абыхэм ящыщу меларди 7,7-р къэралым къеутIыпщ, республикэм сом меларди 3,5-рэ къыбгъэдокI. Илъэсым и япэ Iыхьэм зэфIэдгъэкIыну зыхуэдгъэувыжа къалэн псори зэдгъэхъулIащ.

Къэрал программэхэр гъэзэщIа зэрыхъум я гугъу тщIымэ, ахэр 26-рэ мэхъу, бюджетым щыщу сом мелард 65,3-рэ яхуозэ. Абыхэм ящыщу 18-р къэралым къыбгъэдокI, мелард 47,3-р республикэм и мылъкум къыхокI. Процент 70-р зыхуэунэтIар цIыхубэр зыхуей хуэзэн папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэрщ».

Совещанэр щригъэкIуэкIым, КIуэкIуэ Казбек гулъытэ нэхъ хуищIащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм зэфIигъэкI Iуэхугъуэхэм, псом хуэмыдэу, цIыхухэр псыкIэ къызэгъэпэщыным епха лэжьыгъэхэмрэ пхъэнкIий гъущэр зэрыдашымрэ. «Мыр нэхъ гугъу, гулъытэ нэхъыбэ зыхуей лъэныкъуэхэм ящыщщ, нэхъ кIылъыплъын, унафэщIхэри нэхъ хуэсакъын хуейщ», - жиIащ Iэтащхьэм икIи унафэ хэхахэр ищIащ.

Къинэмыщlауэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ зэрахьа, зэIузэпэщ ящIыжа IуэхущIапIэ зыбжанэм лэжьэн зэрыщIадзэжым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр зэрагъэлъэпIэну щIыкIэм.



# Лэжьыгъэм зэпыу иIэкъым

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат видеоконференц IэмалкIэ шыщхьэуIум и 7-м иригъэкIуэкIа, ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ комиссэм и зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

БЖЬЫХЬЭ - щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырын зэрыхуеймрэ къэрал, лъэпкъ проектхэр щIыналъэхэм зэрыщагъэзащIэ щIыкIэмрэщ къызэхуэсахэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэплъыгъуэм хуэгъэхьэзырын хуейуэ фэтэр куэду зэхэт унэ 2911-рэ, котельнэ 372-рэ итщ, абыхэм хеубыдэ псырэ хуабэрэ щызекIуэ бжьамийхэмрэ нэгъуэщI Iэмэпсымэхэмрэ.

ЩэкIуэгъуэм ирихьэлIэу зэрагъэпэщынущ гъуэгухэр щтырыгъум щыхъума хъун папщIэ къагъэщхьэпэ пшахъуэ, шыгъу, Iуэхум хуэщIа Iэмэпсымэхэр.

УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьа лъэпкъ проектхэр адрей лэжьыгъэ псоми япэ ирагъэщ. «Иджырей школ» къэрал проектым ипкъ иткIэ, мы гъэм курыт еджапIибгъу ятынущ. Унагъуэм зыщIэгъэкъуэным и IуэхукIэ, Бахъсэн, Гундэлэн, Старэ Шэрэдж сабий IыгъыпIэхэр щаухуэнущ.

КИФЩI-м зегъэужьыным хуэунэтIа къэрал программэмкIэ Тырныауз зыгъэкъабзэ ухуэныгъэхэр щаухуэ. Лышхым щеIэзэ диспансерым йолэжь, Кэнжэ дэт амбулаторэр мыгувэу къызэIуахынущ. Къуажэхэм заужьыным епха проектхэм объекти 10 хэтщ. Къинэмыщlауэ, республикэм ит школхэри, сабий IыгъыпIэхэри, спортымрэ щэнхабзэмрэ епхауэ лажьэ унэхэри зэIузэпэщ ящI.

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» программэмкIэ зэлэжьыну объект 39-м щыщу 11-м я проектхэр хьэзырщ. «Коммунальнэ инфраструктурэр зэгъэпэщыжын» къэрал проектым ипкъ иткIэ, псы зекIуапIэ 22-рэ зыхуей хуагъэзэнущ. Гъуэгу объекту 18 яутIыпщакIэщ, ар псори зэхэту километр 56,7-м нос, лъэмыжххэри абы хеубыдэ.



# Я зэфIэкIымрэ IэзагъымкIэ зэдэгуашэу

## Республикэм иджы япэу щекIуэкIащ «Инфорум» зэхуэсыр

**Газетхэр щIэщыгъуэ зыщIыну Iэмалхэр, журналистикэм акъыл Iэрыщlыр къызэрыщысэбэпынур, технологиещIэхэр къыщыунэху лъэхъэнэм къыдэкIыгъуэхэм я мыхьэнэр зыхуэдэнур, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщIэтыным хуащI хэлъхьэныгъэр - ахэр щызэпкърахыу Налшык шыщхьэуIум и 6-8-хэм щекIуэкIащ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и «Инфорум-2025» зэхуэсыр.**

IЭЩIАГЪЭЛIХЭМ я Iэзагъэм щыхагъахъуэ апхуэдэ зэхыхьэхэр 2018 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI, къэралым и щIыналъэ 60-м щIигъу къызэщIрагъэубыдащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы япэу ар щекIуэкIауэ аращ. Абы хэтащ республикэм и журналист, блогер, пресс-IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэ, IэщIагъэм хуеджэ студенти 100-м щIигъу. Зэхыхьэр къызэгъэпэщыным и дэIэпыкъуэгъуу щытащ КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэмрэ «КъБР-Медиа» IуэхущIапIэмрэ.

«Инфорум»-р къыщызэIуахым къытхуеблэгъащ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и уна-фэщI Соловьев Владимир, зэгухьэныгъэм и секретархэу Загитовэ Юлие (Breaking Trends коммуникацэ агентствэр къызэригъэпэщащ), Шафир Тимур (Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и дунейпсо къудамэм и унафэщIщ), Касютин Владимир («Журналистика и медиарынок» журналым и редактор нэхъыщхьэщ), Серебряный Роман (филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, медиатехнологщ).

КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу, хьэщIэхэмрэ республикэм и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ фIэхъус ярихащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым. Абы Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм фIыщIэ хуищIащ, я зэфIэкIрэ зрагъэгъуэта IэзагъымкIэ къыддэгуэшэну къызэреблэгъам папщIэ. Къэпсэлъам къыхигъэщащ иужьрей илъэсипщIым ди къэралым зэран къыхуэхъун мурадкIэ КъухьэпIэм къигъэсэбэп Iэмалхэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэри зэрахэтыр, ар къэлъытауэ зэхуэсым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

# Я зэфIэкIымрэ IэзагъымкIэ зэдэгуашэу

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап. ).*

«Дызэрыт зэманым дуней псом къыщекIуэкI Iуэхухэм ехьэлIауэ журналистхэм я пщэ къалэнышхуэ къыдэхуащ. Нобэр къыздэсым дызытета псэукIэм зрагъэхъуэжыну куэд щIохъуэпсри, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI ди зэманым Урысейр хущIокъу и лъапIэныгъэхэр ихъумэжыну. Иджыпсту текIуэныгъэм дыщыщIобэн дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм и мызакъуэу, газет напэкIуэцIхэми социальнэ сетхэми. Дыщогугъ мы зэхыхьэр гъэщIэгъуэн зэрыхъунум къыдэкIуэу, щхьэпэнуи», - жиIащ Къуэшырокъуэм.

Соловьев Владимир къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс 20 ипэкIэ япэу къызэрыкIуэ лъандэрэ республикэм зэрызиужьар зэрынэрылъагъур. «Ди зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэр журналист IэщIагъэм ирилажьэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэрызедгъэужьыныр арауэ жыпIэ хъунущ. Илъэс къэс ар нэхъ щIэщыгъуэ икIи купщIафIэ зэрытщIыным иужь дитщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, стIол хъурейхэр, мастер-классхэр, конференцхэр щедгъэкIуэкIащ Чукоткэм щегъэжьауэ Мариуполь нэсу. Ди зэманым мы IэщIагъэм зэрызиужь лъэныкъуэхэр апхуэдизкIэ куэд хъуащи, тхыгъэм е репортажым уелэжьыху, а зэхъуэкIыныгъэхэм укIэлъыплъыну ухунэмысынри хэлъщ. Абы къыхэкIыу, щIыналъэхэм догъакIуэ Интернет сетым, газетым, радиомрэ телевиденэмрэ зезыгъэужь IэщIагъэлI нэхъыфI дыдэхэр. Шэч хэмылъу, абыхэм я деж щIэ куэд къыщыфщIэфынущ. Сэ сызэреплъымкIэ, дохутырхэм хуэдэу, журналистхэми зэпымыууэ я щIэныгъэм хагъэхъуэн хуейщ, - жиIащ хьэщIэм.

Абы къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ иджырей журналистикэм тещIыхьауэ «Вся Россия-2025» зэхыхьэшхуэр фокIадэ мазэм Сочэ зэрыщызэхэтынум.

**ЛэжьакIуэхэр ягъэпажэ**

Я Iэзагъымрэ ехъулIэныгъэфIхэр зэраIэмрэ къалъытэри, «Инфорум» зэхыхьэм щагъэлъэпIащ республикэм и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэ 17.

Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм «ПщIэ. ЩIыхь. Iэзагъ» и бгъэхэIу дамыгъэр хуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и унафэщI Конаревэ Натальерэ «Терек-1» газетым жэуап зыхь и секретарь





КIэмпIарэ Галинэрэ. «И ехъулIэныгъэм папщIэ» бгъэхэIу дамыгъэр иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м урысыбзэмкIэ и редактор нэхъыщхьэ БищIо Iэсият, «ЦIыхухэм зэрадэIэпыкъум папщIэ» бгъэхэIур – «Баксанский вестник» газетым штатым хэмыт и корреспондент Нэхущ Дианэ, «Журналистикэм и ветеран» бгъэхэIу дамыгъэр – «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м балъкъэрыбзэмкIэ и редакцэм и редактор нэхъыщхьэ Бирсовэ Ахузатрэ «Маяк-07» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта КIасэ Валерийрэ. Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъ хуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м хъыбарегъащIэмкIэ и редакцэм и редактор нэхъыщхьэ Хъуэст Алим. Апхуэдэуи КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм иратыжащ.

**Журналистикэм и къэкIуэнур**

Бжыгъэм и лъэхъэнэм печатнэ къыдэкIыгъуэхэм зэрызрагъэужьыну щIыкIэм, журналистикэр зыIууэ гугъуехьхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ зэгъусэу тепсэлъыхьыну УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIыр а махуэм IущIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Соловьев Владимир абдеж къыщыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ журналист зэгухьэныгъэр къэралым щынэхъыфI дыдэхэм зэращыщыр. Ахэр къытеувыIащ журналистхэм я Iэзагъым зэрыхрагъэгъахъуэ Iэмалхэмрэ щIыналъэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм технологиещIэхэр къызэрыщагъэсэбэпынум ехьэлIа чэнджэщхэмрэ.

Апхуэдэуи зэIущIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и IуэхущIафэм. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2023 гъэм щыщIэдзауэ щIыналъэ къудамэм и унафэщIу мэлажьэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч. КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр нэгъабэ япэу хэтащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм саугъэт къэхьынымкIэ и зэпеуэм. «Журналист ныбжьыщIэм и школ» проектым сом мин 360-м нэблагъэ къыхуагъэфащэри, 2024 гъэм и шыщхьэуIу - дыгъэгъазэ мазэхэм ар ягъэзэщIащ. Дызэрыт илъэсым а Iуэхур къызэрагъэпэщыным ахъшэ саугъэт сом мин 400 хухахащ. Мы зэманым ирагъэджэнухэр къыхах, я лэжьыгъэм фокIадэм щIадзэнущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр, хэтхэм я бжыгъэмкIэ, зэрынэхъиныр - абы цIыху 500-м щIигъу къызэщIеубыдэ.

ХьэщIэм къызытекIухьа Iуэхум, щIыналъэхэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэрызыщрагъэужьынум теухуауэ интервью яритащ «1КъБР» телеканалымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-мрэ. Ар ирагъэблэгъащ КъБР-м и Лъэпкъ музейми. Абы гъэщIэгъуэн щымыхъуу къэнакъым адыгэ сэшхуэм теухуауэ IуэхущIапIэм и унафэщI Накуэ Феликс къаригъэлъэгъуа мастер-классыр.

«Инфорум» зэхыхьэм щхьэпэ куэд къыхэпхыфыну щытащ. Акъыл IэрыщIыр нобэ лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп зэрыхъуамрэ журналистикэм абы щигъэзэщIэну мыхьэнэмрэ къытхутепсэлъыхьащ Серебряный Роман. Абы къыхигъэщащ: «Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым псори зэпхыжар Интернетыр зэрыарар. Роботым лэжьыгъэ гуэрхэр псынщIэу зэфIихми, журналистикэм и пIэ ар къиувэфынукъым. Абы къыхэкIыу хъыбарегъащIэ IэнатIэр щыIэн хуейщ».

Шафир Тимур экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ди зэманым зэрыщыпэщIэтым хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм хэлъхьэныгъэу хуащIым и гугъу ищIащ. Псом япэу абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ дохутырхэм «зэран мыхъун» я Iуэху бгъэдыхьэкIэр журналистикэми хуэпхь зэрыхъунур. Ар къытеувыIащ тхыгъэхэм я псалъащхьэхэм, экстремизмэу къалъытэну жыIэгъуэхэм зэрыхуэсакъыпхъэм, тезыр зытралъхьэнкIэ хъуну жыIэгъуэхэм, нэгъуэщIхэми.

Печатнэ къыдэкIыгъуэхэм я лэжьыгъэр зэрыкIуэтэнум, абыхэм цIыху нэхъыбэм Iэ щIегъэдзыным теухуауэ дерс щхьэпэ дригъэдэIуащ «Журналистика и медиарынок» журналым и редактор нэхъыщхьэ, «Урысейм и дыщэ къалэм» саугъэтыр зыхуагъэфэща, «Урысейм и газет нэхъыфIи 10» зэхьэзэхуэм къэзыпщытэ и советым и унафэщI Касютин Владимир. Урысейм и прессэм и лъэпощхьэпо нэхъыщхьэу IэщIагъэлIым къигъэлъэгъуащ ахэр зэрызэбграгъэкI щIыкIэм гугъуехьхэр зэрыпылъыр, цIыхухэм хъыбар нэхъ кIэщIхэм еджэну нэхъ къащтэ зэрыхъуар, СМИ-м и лэжьыгъэр къэзылъахъэ хабзэхэр нэхъыбэ зэращIар, журналистхэр зэрахуримыкъур, иужьрейр псом хуэмыдэу лэжьапщIэр зэрымащIэмрэ IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэмрэ зэрепхар.

Абы щыгъуэми къэпсэлъам жиIащ къэралыр мы зэманым хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъур, Президент саугъэтхэр, Интернетым зегъэужьынымкIэ институтым и саугъэтыр зрат редакцэхэр, IуэхущIапIэм пэIэщIэу лэжьэну хуит зыщIхэр, акъыл IэрыщI къагъэсэбэпыну Iэмал зратхэр нэхъыбэ зэрыхъур.

ГъэщIэгъуэн тщыхъуащ Касютин Владимир ди республикэм къыщыдэкI район газетхэм щыгъуазэ зэрызищIамрэ щхьэхуэ-щхьэхуэу дэтхэнэми къытеувыIэурэ я фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ зэрытепсэлъыхьамрэ. Абы къигъэлъэгъуащ газетхэр нобэрей зэманым зэрыдекIуну Iэмал зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ цIыхухэм драгъэкIуэкI щIэупщIэныгъэхэр къытедзэныр, артист гуэрым утепсэлъыхьми, интервью ебгъэкIуэкIами абыхэм я видео узэреплъыфыну QR-кодхэр тхыгъэхэм щIыгъуныр, сурэтхэм я IупщIагъым, къапщтэмэ, езы газетым и дизайным, хьэрфхэр зэрырагъэувэ щIыкIэм куэд зэрелъытар.

- Журналистым нобэ цIыхум и пащхьэ ирилъхьэ тхыгъэхэр хъумэным мыхьэнэшхуэ иIэщ: абыхэм ди лъэхъэнэр зыхуэдар наIуэ къащIынущ, архив папщIэу тхыдэм къыхэнэнущи, ди ужь къакIуэхэм къагъэсэбэпыфынущ. Интернетыр апхуэдэкъым. Абы псори зы сыхьэтым икIуэдыкIыжынкIи хъунущ. НэгъуэщI зы лъэпощхьэпои щыIэу зэхызох, журналистхэм я лэжьапщIэр ятха сатыр бжыгъэм елъытауэ, план ятелъу жаIэу. Иджыпсту щIыналъэ куэд къытекIыжащ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм. Сэ сызэреплъращи, тхыгъэм и фIагъымрэ абы щIэджыкIакIуэр къызэрыдихьэхымрэщ зэплъыпхъэр», - дыщIигъуащ хьэщIэм.

ЗагитовэЮлиетепсэлъыхьащ зумерхэр (технологиехэм зыщауужьа лъэхъэнэм къыхэтэджыкIахэм апхуэдэу йоджэ) лэжьыгъэм къызэрырашалIэ Iэмалхэмрэ къызэрыдахьэхыну щIыкIэмрэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ*






● Инфорум - 2025





# IэнатIэр егъэфIэкIуэным топсэлъыхь

**«Инфорум-2025» зэхыхьэм хыхьэу, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэнығъэм и лIыкIуэхэмрэ республикэм, гъунэгъу щIыналъэхэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я редактор нэхъыщхьэхэмрэ шыщхьэуIум и 7-м стIол хъурей щрагъэкIуэкIащ.**

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Соловьев Владимир къытеувыIащ къэралым лъэпкъыбзэкIэ щылажьэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я щытыкIэр зэрызэхуэмыдэм, ахэр егъэфIэкIуэным, IэнатIэм зыщыIууэ лъэпощхьэпохэр гъэзэкIуэжыным теухуа Iуэхухэр къызэраIэтынум. Щапхъэу къихьащ Тэтэрстаным, Башкортостаным, Якутием, Шэшэным, нэгъуэщI щIыналъэхэм я лъэпкъыбзэкIэ къыщыдэкI газетхэмрэ теленэтынхэмрэ я Iуэхухэр зэрынэхъыфIыр. Къапщтэмэ, Тэтэрстаным и сабий телеканалыр жэщи махуи зэпымыууэ сыхьэт 24-кIэ мэлажьэ, нэтыным хыхьэу ныбжьыщIэхэм мультфильмхэр тэтэрыбзэкIэ зэрадзэкI.

Кавказым и журналистикэм ехьэлIауэ нэхъ зыгъэпIейтейхэм ящыщу Соловьевым къигъэлъэгъуащ щIалэгъуалэ куэдым я анэдэлъхубзэр фIыуэ зэрамыщIэр, абы къыхэкIыу газетхэр нэхъыбэу къезыгъэхьри еджэри нэхъыжьхэр зэрыарар. Абы и лъэныкъуэкIэ щытыкIэр зэрыгугъум, лъэпкъыбзэхэр щIэблэм тэмэму зэрамыщIэм къыхэкIыу, сабий гъэсапIэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ урысыбзэр зэрыщрагъэджым хэплъэжу, анэдэлъхубзэкIэ дерсхэр ирагъэкIуэкIыну къызэрыхалъхьэнур жиIащ. УФ-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм лъэпкъ газетхэм (къыдэкIыгъуэ 700-м нэблагъэм) зэужьыным гъэ къэс мылъкушхуэ зэрыхухихыр икIи а комиссэм езыр зэрыхэтыр къыхигъэщащ. Соловьевым къыхуриджащ республикэм и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэри апхуэдэ зэпеуэхэм хэтыну, лъэпкъыбзэхэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпын папщIэ.

- Лъэпкъыбзэхэр лъапIэныгъэхэм ящыщщ. Ахэр хуэсакъыу хъумэным, щIэблэм ящIэу къэгъэхъуным гулъытэ хэха хуэщIын хуейщ. А Iуэхур мызэмытIэу ди зэхыхьэшхуэхэми къыщыфIэтащ. Абы и лъэныкъуэкIэ щытыкIэр ефIэкIуэным хуэгъэпсауэ щыIэ Iэмал псори къэгъэщхьэпэн хуейщ, - жиIащ Соловьев Владимир.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Жыласэ Заурбэч къыхигъэщащ республикэм и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм (телевиденэм, радиом, газетхэм, журналхэм) бзищымкIэ (адыгэ, балъкъэр, урыс) нэтынхэмрэ тхыгъэхэмрэ зэрагъэхьэзырыр, лъэпкъыбзэр зыгъэшэрыуэхэмрэ зыIурылъхэмрэ, журналист IэщIагъэм хуеджэхэр зэрымащIэм къыхэкIыу лэжьакIуэхэр зэрыхуримыкъур икIи филологие къудамэр къэзыухахэр къызэращтэр. Абы и хэкIыпIэу Заур жиIащ филологие институтым лъэпкъыбзэхэмкIэ и къудамэхэм щIэсхэр ещанэ курс нэужьым журналистикэми хурагъаджэу, филолог, редакцэм и литературнэ лэжьакIуэ IэщIагъэр яIэу къыщIагъэкIыну къызэрыхалъхьар. Заур жиIащ цIыхубэм я деж хъыбарыщIэхэр нахьэс къудей мыхъуу, лъэпкъ щэнхабзэмрэ бзэмрэ зэрахъумэр. Нэхъапэм къуажэдэс сабийхэм анэдэлъхубзэр нэхъ яIурылъу къыдэкIуэтейуэ щытамэ, иджы, сабий гъэсапIэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ урысыбзэкIэ зэрыщрагъаджэми къыхэкIыу, жылэ нэхъ пхыдзахэм къыщыхъу щIэблэри урысыбзэм нэхъ зэрыхуэшэрыуэр. Хъыбарегъащiэ IуэхущIапIэхэм лэжьакIуэхэр ирикъуу яIэн и лъэныкъуэкIэ Жыласэ Заурбэч хэкIыпIэу къигъэлъэгъуащ нэхъапэм Москва журналистхэр щагъэхьэзыру зэрыщытар яублэжыныр Iэмалыфlу къызэрилъытэр. Апхуэдэу щIигъужащ «Журналист ныбжьыщIэхэм я школ» къызэрагъэпэщауэ иужьрей илъэсхэм ныбжьыщIэхэр журналист IэщIагъэм зэрыхагъэгъуазэр.

«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Конаков Хьэсэни арэзы техъуащ журналистхэр МГУ-м щрагъэджэным теухуауэ къаIэта псалъэмакъым. Абы жиIащ илъэсым цIыху зы-тIу нэхъ мыхъуми еджакIуэ яхуэгъакIуэу щытамэ, абы и фIыгъэкIэ республикэм и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ лэжьакIуэхэмкIэ къызэгъэпэща зэрыхъунур, лъэпкъ газетхэр иджыри илъэси 100-кIэ къыдэкIыну нэхъыжьхэр зэрыщIэхъуэпсыр.

ЗэIущIэм хэтхэм къыхагъэщащ Москва щеджа IэщIагъэлIым лэжьапщIэ нэхъыбэ къыщратынур къыхихыу, республикэм къимыгъэзэжу къалащхьэм къэнэжынкIэ зэрыхъунури къэлъытэн зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ зыбжанэ къахьащ республикэм а IэнатIэм щыпэрытхэм я улахуэр къэралым ику иту къыщахьым нэхърэ хуэдиплIтхукIэ зэрыщынэхъ мащIэм къыхэкIыу, журналист IэщIагъэ зиIэхэм я лэжьыгъэр зэрахъуэжам теухуауэ.

- УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм журналистхэм я егъэджэныгъэ Iуэхухэр, зэхыхьэхэр къытхузэгъэпэщынущ. Хъыбар нэпцIхэм цIыхухэр куэдрэ ирохьэлIэ икIи абыхэм япэщIэтыпхъэщ. Абы теухуауэ щыIэ иджырей Iэмалхэр къэгъэсэбэпын хуейщ, – жиIащ Касютин Владимир.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тезыдзэхэм я бжыгъэр зыгъэмащIэ щхьэусыгъуэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ къыдэкIыгъуэхэм я уасэм и процент 95-р поштым къызэрищтэр, поштзехьэхэм ират лэжьапщIэр зэрымащIэм къыхэкIыу куэд IэнатIэм зэрыIумызагъэр, а псори я щхьэусыгъуэу, я лэжьыгъэр нэсу зэрахуэмыгъэзащIэр хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм зэран къазэрыхуэхъур. Абы къыхэкIыу тхылъымпIэм тет къыдэкIыгъуэм щIыгъуу, электрон Iэмалри къагъэсэбэпын хуей зэрыхъур къыхагъэщащ. Зэхыхьэм хэтхэм жаIащ языныкъуэ щIыналъэхэр (Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэр) поштым зэрыдэ)мылэжьэжыр, хэкIыпIэ къагъуэтауэ, я газетхэр езыхэм цIыхухэм зэрыIэрагъэхьэр.

Поштым и лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтемыухуам и гугъу щищIым Соловьев Владимир къыхигъэщащ щытыкIэм зригъэхъуэжын папщIэ, УФ-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр зыдигъэIэпыкъуу, ар УФ-м и Президентым и деж нихьэсыну зэримурадыр. Зэхуэсым хэтхэр Соловьевым къыхуриджащ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр къагъэсэбэпыну, я зыужьыныгъэр къэзылъахъэ Iуэхугъуэхэр зэхагъэкIыу ягъэзэкIуэжыну, журналистхэм я щIэныгъэм хагъэхъуэну, щIалэгъуалэм епсалъэурэ нэхъ яфIэгъэщIэгъуэн, дэзыхьэх тхыгъэхэмрэ радио, теленэтынхэмрэ ягъэхьэзырурэ газетеджэхэр, телевизореплъхэр, радиом едаIуэхэр къыдахьэхыну, зэпеуэхэм я зэфIэкI щеплъыжыну – а псори зэманым къызэригъэуври къыхигъэщащ.

Зэхыхьэм хэтахэм фIыщIэ хуащIащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм. ХьэщIэхэм Налшык къалэм и музейхэм, щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхьащ, я нэгу зыщрагъэужьащ. Абыхэм жаIащ щIыналъэм щыпсэухэр гуапэу къазэрыIущIар, къалэм зэрызиужьыр, зэрефIакIуэр зэрынэрылъагъур.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





● ДифI догъэлъапIэ

# Гугъуехьхэр куэдми, Хэку лъагъуныгъэр нэхъ лъэщт

**ЩIэныгъэлI, тхакIуэ, узэщIакIуэ, егъэджакIуэ, Сириеми Урысей Федерацэми я ТхакIуэхэм я союзхэм хэт Къумыкъу Мамдухь пщэдей къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.**

КЪУМЫКЪУ зэщхьэгъусэхэу Мамдухьрэ Сихьэмрэ (Щоджэнхэ япхъущ) Сирием и КъунейтIрэ куейм хыхьэ Хъышней къуажэм щыпсэуащ, езыхэри я бынхэри къыщалъхуар аращ. Абы дэт курыт еджапIэр къиухри, Дамаск муслъымэн диным щыхурагъаджэ институтым, итIанэ университетым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Мамдухь илъэс куэдкIэ хьэрып къэрал зыбжанэми Къэбэрдей-Балъкъэрми егъэджакIуэу щылэжьащ, Дамаск щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и Iуэхухэми зэщхьэгъусэхэр жыджэру хэтащ. 1992 гъэм Хэкум къагъэзэжауэ, зэрыунагъуэу Налшык щопсэу.

Къумыкъу Мамдухь и тхыгъэхэр хьэрыпыбзэкIэ дунейм къыщытехьащ Дамаски Аммани. Хэхэс адыгэхэр лъэпкъ щэнхабзэм, IуэрыIуатэм, литературэм хигъэгъуэзэнымкIэ Къумыкъу Мамдухь лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ. Апхуэдэу ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкI куэди (псалъэм папщIэ, КIыщокъуэ Алим и роман цIэрыIуэхэр, IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» драмэр) нарт хъыбархэри хьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIауэ къыдигъэкIащ. Абы къыпызыщэ лэжьыгъэ хьэрзыни и IэдакъэщIэкIщ Мамдухь. КъуэкIыпIэ гъунэгъум щыпсэу лъэпкъыжьхэм я эпосым, IуэрыIуатэм иригъапщэурэ, зэпкърех адыгэ нарт хъыбархэр. АдыгэбзэкIи хьэрыпыбзэкIи зэгъусэу итхын щIидзауэ кIыхьлIыхьыIуэ хъурти, нэхъ псынщIэу и гупсысэр къызэрыхуэIуатэ хьэрыпыбзэм къытеувыIэри абыкIэ итхащ. «АдыгэбзэкIэ зэздзэкIыжыну сыхуейщи, къысхузэпищамэ фIыт», - къыхегъэщ Мамдухь.

КъищIынэмыщIауэ, ар Дамаск къыщыдэкI газетхэми журналхэми жыджэру ядэлэжьащ. «Сыт псыхъуэ цIыкIум жиIэр» тхылъыр и анэдэлъхубзэкIэ адэжь щIыналъэм дунейм къыщытехьащ. А тхылъым ихуа Iуэтэжхэм нэмыщI нэгъуэщIхэри ныкъуэтхыу иIэщ, зэм-зэм ахэри дунейм къытригъэхьэфыну дыщогугъ.

«Кавказымрэ КъуэкIыпIэ гъунэгъумрэ папщIэ зэпэщIэувэныгъэ инхэмрэ шэрджэсхэмрэ. XIII лIэщIыгъуэм и кум къыщыщIэдзауэ XXI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм нэс» къэхутэныгъэ лэжьыгъэм зэманышхуэрэ къарурэ тригъэкIуэдащ Мамдухь, ар и художественнэ гупсысэ зэран хуэмыхъуауэ, тхыгъэхэр дунейм къытегъэхьэныр имылъэхъауэ пхужыIэнукъым. Ауэ Iуэху гуэрхэр къигъэнами, хущIегъуэжыркъым. А лэжьыгъэм щIэныгъэлIым къыщиIэтам хуэдизым зи Iэ техуа къэгъуэтыгъуейщ. АдыгэбзэкIи щыIэхэм еджэурэ, хьэрыпыбзэкIэ тхахэри щIищыкIыурэ зэхуихьэсащ, дэфтэркIэ щIэмыгъэбыдауи зы псалъэ иткъым. «Хэкурысхэр хамэ къэралхэм къыщыдэкIхэм щыгъуазэкъым, нэгъуэщI щIыналъэм щыпсэухэм адыгэбзэкIэ тхахэр ящIэркъым, аращи, я тхылъхэр тIэкIу лъэныкъуабэ мэхъу», - жеIэ Мамдухь. Аращ мы къыдэкIыгъуэм уасэ щIимыIэри.

### Адэжь щIыналъэр ди плъапIэт

- ХЭКУМ къэкIуэжыныр ди къалэну къэтлъытэу дыкъэхъуащ дэ, хэхэсым я щIэблэр. Ар къызыхэкIар дыщыпсэу Хъышней къуажэ цIыкIум дэсхэр адыгэбзэкIэ псалъэу, адыгэ хабзэ щызекIуэу, адыгэ нэмыс дэлъу, Хэкум и гугъу куэдрэ щащIу къызэрыгъуэгурыкIуэр арагъэнт, - жеIэ Мамдухь. - ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ я щIыналъэм икIыу Европэм кIуахэу иужькIэ Сириемрэ Иорданиемрэ хэщIапIэ зыщIахэми Хэкум и хъыбар куэд къахьат. Ущыпсэу мыхъуххэну, адыгэхэри хэшыпсыхьыжауэ щымыIэжурат абыхэм яIуатэр. Совет Союзым епцIыжу нэмыцэм и гъусэу икIахэм сытыт-тIэ нэгъуэщI жаIэнур?! КъызэзгъэщIыну сызыхуейрати, Хэкум къыщхьэщыжу абы пщIыхь дахэ хуэзылъагъухэри щыIэт, и Iей зыгъэIуэхри мащIэтэкъым. Сирием и къуажэ пхыдза цIыкIухэм нэгъунэ щыужьыхыртэкъым ди щIыналъэ дахэм и хъыбархэр. Мис апхуэдэурэ абы дыкъыщIэтэджащ, хуэм-хуэмурэ зыкъэдужьащ, латиныбзэкIэ тхауэ тхылъ закъуэтIакъуэ щыIэхэр къытIэрыхьэри, абыхэмкIэ деджащ, бзэмкIэ тхэкIэ-еджэкIэ зэдгъэщIащ. Хрущёв Никитэ и зэманыр къэсри, письмохэр, Хэкум никIыу тхылъхэр къытIэрыхьэ хъуащ. Абыхэм деджэм и мызакъуэу, щIэблэм курсхэр къыхуэздгъэпэщурэ тхэфу, еджэфу зэрыдгъэсэным дыпылъащ. ИужькIэ Хасэхэм апхуэдэ курсхэр нэхъыбэ ящI хъуащ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ дыкъэкIуэжыфыну къыщытхуихуэм, Хэкужьыр зэдгъэгъуэтыжащ.

### Хэхэсу ущытыныр тыншкъым

Илъэс 33-рэ мэхъу Мамдухь и унагъуэм къызэригъэзэжрэ. Ахэр, дауи, матэщIэдзауэ щытакъым, гугъуехь мымащIэхэм зэрыIуувари гурыIуэгъуэщ.

- Ипэ илъэсхэр тыншауэ схужыIэнукъым, ауэ адыгэбзэр тщIэрт, адыгэ хабзэм фIыуэ дыщыгъуазэти, нэхъ псынщIэ къытщащIащ лъэпкъым хэсыхыжыныр. «Мы хэгъэгу пхыхуам фыкъыщIэкIуэжар сыт, сытым фыкъихужа?» - Iэджэми къыджаIэрт. Ар хэкурысым къыгурыIуэнукъым, пэIэщIэ хъуакъым и лъахэми. Хэхэсу ущытыныр тыншкъым, псэми дэгъэхуэгъуейщ.

Дэр-дэру лэжьапIи къызэдгъэпэщащ, ди бынхэм, зэрыжысIащи, адыгэбзэр ящIэрти, къыин къыхэмыкIыу еджахэщ, урысыбзэри зрагъэщIэфащ. ЩIалэми хъыджэбзитIми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ.

### Iуэхур къыбдаIыгъмэ

Мамдухь и гур мыбыкIэ щыIэкIэ зэфIэкIрэт, щхьэгъусэм къыбдиIыгъын хуейтэкъэ? Хэкум кIуэжын хъыбарыр Сихьэм и дежкIэ телъыджэлажьэтэкъым, ищIэр фIы дыдэу къызыгурыIуэ и щхьэгъусэ губзыгъэм иужь итт.

- Сэри Хасэм сыхэтт, Хэкур зи пщIыхьэпIэм хэмыкIхэм сащыщти, дызэгурыIуэу дыкъекIуэкIырт, - жеIэ Сихьэм. - Пэжщ, тIэкIу, зы илъэситI хуэдэкIэ, зызгъэгувэну сыхуейт, си пенсэ Iуэхухэр, нэгъуэщI гуэрхэр зытеIуэфIэху. Ауэ Мамдухь къытричырт, «хэкубжэр къызэIуахащ, хуащIыжынуми пщIэркъым» жиIэу. Псори къэдгъанэри, гъуэгу дыкъытехьэжащ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, хуэм цIыкIуурэ псори зэпэщ хъуащ.

### Зыми къигъэдзыхакъым

Зэса щытыкIэр, псэукIэр зыхъуэжа дэтхэнэми зэрызыхуэбгъазэ хъуну «ФыщыхущIегъуэжа къэхъуа?» упщIэм и жэуапыр хьэзырыххэщ.

- Гугъут, ауэ «дыкъэкIуэжын хуеякъым» псалъэхэр зы лъэпощхьэпоми жыдигъэIэфакъым, - къызжиIащ зэгуэрым Сихьэм. - Пэжщ, ди Iыхьлы абыкIэ къэдгъэнахэр дигу къэкIырт. 2019 гъэ хъуху си анэр схуэпсэуащ, Сирием щыIэти, сыкIуэрт е езыр къакIуэрт, сэ нэхъ щIэх-щIэхыурэ, Мамдухь нэхъ мащIэрэ. IыхьлыхэмдазэрыпэIэщIэрат нэхъ хьэлъэр. КъыщыдгъэзэжагъащIэм ПащIэ БэчмырзэиIхэр зезыхьэ урамым щыдиIа фэтэрым щызигъунэгъуахэр хьэрзынэ дыдэт. Тхьэм ищIэнщи, абыхэми куэдкIэ я фIыгъэщ ди лъэпкъым дызэрыхэзэгъэжар. Егъэлеяуэ гъунэгъуфIти, си благъэ дыдэу фIэкIа зэи къэслъытакъым, езыхэри къызэрытхущытар апхуэдэущ.

### Насыпымрэ ар къызыдэкIуэмрэ

Насыпщ гъащIэм лъэ быдэкIэ хэува и бынхэм, пхъурылъхухэм я ехъулIэныгъэхэм зэрыхэплъэр. Урысейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуэу, Европэм и утыкухэм ихьэу тэквондо спорт лIэужьыгъуэр къэзыгъэIурыщIа Амиррэ Ланэрэ дадэ-нанэр ягъэгушхуащи, я зэфIэкIыр нэхъ лъагэж хъуну, нэхъыжьхэр я щIэблэм я ехъулIэныгъэм щыгуфIыкIыу, нэхъыщIэхэри зи жьауэм щIэтхэр я гъуазэу псэуну Тхьэм жиIэ!

**ИСТЭПАН Залинэ.**



# Мэкъумэш IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзыр

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щылажьэ «Фермерым и еджапIэ» егъэджэныгъэ пэхуэщIэм и программэмкIэ мэкъумэш IэнатIэм IэщIагъэлI 30 мы гъэм хуагъэхьэзыращ. Псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэту мыгъэрей къыщIэкIыгъуэм хэтыр, япэм къэмыхъуауэ, дээ Iуэху хэхам и ветеран 23-рэ абы зэрыхиубыдарщ.**

МЭКЪУМЭШ IэщIагъэлIхэм я дипломхэр щратыжым щыIащ КъБКъМУ-м и ректор къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Щхьэгъэпсо Заурбий, «Урысеймэкъумэшбанкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Сокъур Алим, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Чеченов Ислъам, республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ, «Хэкум и ХъумакIуэхэр» фондым щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэ Дадэ МуIэед сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Щхьэгъэпсо Заурбий къыхигъэщащ мэкъумэш университетым и егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэхэм, щIыпIэ «Урысеймэкъумэшбанкым», щIыналъэм и мэкъумэш IуэхущIапIэ нэхъ инхэм я лэжьакIуэхэм я дерсхэр «Фермерым и еджапIэм» щIэсахэм зрагъэгъуэта щIэныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Егъэджэныгъэ пэхуэщIэр мэкъумэш университетым щолажьэ илъэситI хъуауэ.

«Фермерым и еджапIэр» къызэзылъхьа икIи къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэхэм хыхьэ «Урысеймэкъумэшбанкым» и лэжьакIуэхэр еджакIуэхэм я бизнес-планхэр зэхэгъэувэнымкIэ, чэнджэщхэмкIэ ядэIэпыкъуащ. Сокъур Алим къыхигъэщащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэм IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзэзырыным банкыр зэрыхэлIыфIыхьыр зэригуапэр.

«ПэхуэщIэм дызэрыхэтам и сэбэп куэд къыдэкIащ, псом хуэмыдэу Iэмал диIащ ди щIыналъэм и мэкъумэш IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм дыщыIэну, абыхэм я лэжьыгъэ зэтеухуэкIэхэм зыщыдгъэгъуэзэну. Ди IэнатIэхэм къыщытхуэщхьэпэн щIэныгъэ къыдатащ, ди Iуэху еплъыкIэхэмкIэ дызэхъуэжащ, нэхъ гъунэгъуу дызэрыцIыхуащ. Мис ахэр щынэхъыщхьэщ абы. Иджы, щIэныгъэм къыдэкIуэу, мэкъумэш бизнесым, пэхуэщIэ ехьэжьахэм зедгъэужьын папщIэ, зэпыщIэныгъэ быдэхэр диIэщ», - жиIащ «Жыг хадэгъэкI» унэтIыныгъэм хуеджа Габоевэ ФатIимэ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

## Мы махуэхэм

**ШыщхьэуIум и 9, щэбэт**

♦**Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Щалъхуа щIыналъэм щыпсэуж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1828 гъэм** къалъхуащ Кавказым и археолог, археограф, адыгэхэм куэдрэ ятетхыхьа **Берже Адольф**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ къэрал кулыкъущIэ, спортсмен Iэзэу щыта, дунейми Европэми самбэмкIэ я чемпион **Уэзы Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 10, тхьэмахуэ**

♦**1921 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Нало Ахьмэдхьан**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емуз Гъузер**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, «Горянка» газетым и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Сэбаншы Розэ**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ литературэдж, Дагъыстэным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ержыб Аслъэн**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ Сирием къикIыжа щIэныгъэлI, тхакIуэ **Къумыкъу Мамдухь**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мызэущ Борис**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI **Ахъмэт МуIэед**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 11, блыщхьэ**

♦**1957 гъэм** Москва щызэхуащIыжащ ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI дунейпсо фестивалыр. Хэкум ис адыгэхэмрэ хамэ къэралхэр Iэмалыншагъэкlэ псэупIэ зыхуэхъуахэмрэ я лIыкIуэхэу а зэхуэсышхуэм хэтахэр абы щызэрыгъуэтыжауэ, я хъыбар щызэIэпахауэ щытащ.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къаздэхъу СультIан**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Анатолэ**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Дзыхьмыщ Иринэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 11

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
19.40 «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
22.55 Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
00.00 «Большая игра» (16+)
01.10 «Время героев» (16+)
02.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
23.35 Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
01.40 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

### НТВ

05.00 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20 «Сегодня»
08.25 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
16.45 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
23.40 Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
03.30 Т/с «ШАХТА» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.10 Х/ф «ФАРТОВЫЙ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «НЕБЕСНЫЙ ТИХОХОД» (16+)
13.25 Д/с «Москва фронту» (16+)
13.55, 15.05, 17.15 Т/с «БУХТА ПРОПАВШИХ ДАЙВЕРОВ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Битва за небо. История военной авиации России». «На пороге Третьей мировой» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Д/ф «Высокое небо Аллы Дюмениль» (12+)
23.55 Х/ф «ЗА ОБЛАКАМИ НЕБО» (16+)
01.45 Х/ф «ДОМ, В КОТОРОМ Я ЖИВУ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Д/ф «Престольный праздник. День Николая Чудотворца»
07.20 Х/ф «МЕЛОДИЯ НА ДВА ГОЛОСА» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.15 Диалоги о животных
10.55 Х/ф «ЦИРК ПРИЕХАЛ» (16+)
12.00 Д/ф «Львиная доля. Вальтер Запашный»
12.45 Д/с «Забытое ремесло»
13.05 «Эрмитаж»
13.35 Х/ф «ДВЕНАДЦАТАЯ НОЧЬ» (16+)
16.15 Д/с «Сказки из глины и дерева»
16.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
17.15 Шедевры русской музыки
18.10 Д/с «Запечатленное время»
18.40 Academia
19.45 Неизвестные маршруты России
20.25 «Спокойной ночи, малыши!»
20.40 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
21.20 Х/ф «ПОСЛЕДНЯЯ ЖЕРТВА» (16+)
00.00 Т/с «КУРСАНТЫ» (16+)

### МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 13.20, 15.25 Новости
07.05, 22.00 Все на Матч! Прямая трансляция
08.55 Тяжелая атлетика. Чемпионат России. Женщины. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
10.55 Тяжелая атлетика. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
13.25 Есть тема! Прямая трансляция
14.45 «Взойди на свой Олимп» (12+)
15.30 Смешанные единоборства. Р. Долидзе - Э. Хернандез. UFC. Трансляция из США (16+)
17.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура (6+)
18.30 Громко. Прямая трансляция
19.55 Футбол. «КАМАЗ» (Набережные Челны) - «Факел» (Воронеж). Лига Пари. Прямая трансляция
23.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура (6+)
00.30 Д/ф «Дэвид Бекхэм. Одиозный» (12+)

## Гъубж, шыщхьэуIум и 12

### 1

05.00 «Доброе утро»
05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
19.40 «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «АНГЕЛ МЕСТИ» (16+)
23.00 Т/с «МОЛЧАНИЕ» (16+)
00.00 «Большая игра» (16+)
01.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
23.35 Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
01.40 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
04.00 Т/с «ШАПОВАЛОВ» (16+)

### НТВ

05.00 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20 «Сегодня»
08.25 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
16.45 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
23.40 Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
03.30 Т/с «ШАХТА» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.25 Т/с «БУХТА ПРОПАВШИХ ДАЙВЕРОВ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00, 13.25 Т/с «ЧУЖИЕ КРЫЛЬЯ» (16+)
14.25, 15.05, 17.15 Т/с «ЧУЖИЕ КРЫЛЬЯ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Битва за небо. История военной авиации России». «Быстрее звука» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого». «Дело о суперистребителях. Как F-35 пришел в США из СССР?» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ИМ ПОКОРЯЕТСЯ НЕБО» (16+)
01.20 Х/ф «НАГРАДИТЬ (ПОСМЕРТНО)» (16+)
02.45 Д/с «Отечественное стрелковое оружие» (16+)
03.35 Т/с «ЦЕЗАРЬ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
07.05 Легенды мирового кино
07.35 Д/ф «До начала истории»
08.05 Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ РЕЙС «АЛЬБАТРОСА» (16+)
09.15 Неизвестные маршруты России
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.15 Диалоги о животных
10.55 Х/ф «ЦИРК ПРИЕХАЛ» (16+)
12.45 Д/с «Забытое ремесло»
13.05 «Эрмитаж»
13.35 Х/ф «ПОСЛЕДНЯЯ ЖЕРТВА» (16+)
16.15 Д/с «Сказки из глины и дерева»
16.30 Д/ф «До начала истории»
17.15 Шедевры русской музыки
18.15 Д/с «Запечатленное время»
18.40 Academia
19.45 Неизвестные маршруты России
20.25 «Спокойной ночи, малыши!»
20.40 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
21.20 Спектакль «Кабала святош». К 90-летию со дня рождения Олега Табакова
23.35 Д/ф «Роман в камне»
00.00 Т/с «КУРСАНТЫ» (16+)
00.50 Шедевры русской музыки
01.50 Д/с «Искатели»
02.40 Д/с «Забытое ремесло»

### МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 «Наши иностранцы» (12+)
07.00, 13.50, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 22.45 Все на Матч! Прямая трансляция
08.55 Тяжелая атлетика. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
13.55 Есть тема! Прямая трансляция
16.00 Футбол. «Акрон» (Тольятти) - ЦСКА. Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
18.15 Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Рубин» (Казань). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
20.30 Футбол. «Спартак» (Москва) - «Динамо» (Махачкала). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
00.30 Смешанные единоборства. И. Махачев - А. Волкановски. UFC. Трансляция из ОАЭ (16+)
01.30 «Взойди на свой Олимп» (12+)
02.00 Регби. «Динамо» (Москва) - «Металлург» (Новокузнецк). Pari. Чемпионат России (12+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Тяжелая атлетика. Чемпионат России. Трансляция из Санкт-Петербурга (12+)

## Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 13

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
19.40 «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
23.00 Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
00.00 «Большая игра» (16+)
01.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
23.35 Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
01.40 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
04.00 Т/с «ШАПОВАЛОВ» (16+)

### НТВ

05.00 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20 «Сегодня»
08.25 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
16.45 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
23.40 Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
03.30 Т/с «ШАХТА» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.10 Т/с «ЦЕЗАРЬ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «ЗОЛОТАЯ МИНА» (16+)
12.45 «По горячим следам» (16+)
13.25, 15.05, 17.15 «Естественный отбор»
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Битва за небо. История военной авиации России». «Смена концепции» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Секретные материалы». «Операция «Золотая рыбка». Детали диверсионной войны Киева» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ЧАСОВЩИК» (16+)
01.10 Х/ф «ИМ ПОКОРЯЕТСЯ НЕБО» (16+)
02.45 Д/с «Отечественное стрелковое оружие» (16+)
03.35 Т/с «ЦЕЗАРЬ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Д/с «Энциклопедия загадок»
07.05 Легенды мирового кино
07.35 Д/ф «До начала истории»
08.05 Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ РЕЙС «АЛЬБАТРОСА» (16+)
09.15 Неизвестные маршруты России
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.15 Диалоги о животных
10.55 Х/ф «ЦИРК ПРИЕХАЛ» (16+)
12.00 Д/ф «Храм детства Натальи Дуровой»
12.45 Д/с «Забытое ремесло»
13.05 «Эрмитаж»
13.35 Спектакль «Кабала святош». К 90-летию со дня рождения Олега Табакова
15.50 Д/ф «Роман в камне»
16.30 Д/ф «До начала истории»
17.15 Шедевры русской музыки
18.10 Д/с «Запечатленное время»
18.40 Academia
19.45 Неизвестные маршруты России
20.25 «Спокойной ночи, малыши!»
20.40 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
21.20 Спектакль «Амадей». К 90-летию со дня рождения Олега Табакова
00.00 Т/с «КУРСАНТЫ» (16+)
00.45 Шедевры русской музыки

### МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 «Голевая неделя. РФ» (6+)
07.00, 13.15, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 22.45 Все на Матч! Прямая трансляция
08.55 Тяжелая атлетика. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
12.55 Специальный репортаж (12+)
13.20 Есть тема! Прямая трансляция
14.45 «Взойди на свой Олимп» (12+)
16.00 Футбол. «Оренбург» - «Ахмат» (Грозный). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
18.15 Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Балтика» (Калининградская область). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
20.30 Футбол. «Динамо» (Москва) - «Краснодар». Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
00.30 Смешанные единоборства. Э. Вартанян - А. Грозин. OLIMPBET Наше дело. Трансляция из Санкт-Петербурга (16+)

## Махуэку, шыщхьэуIум и 14

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
19.40 «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
23.00 Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
00.00 «Большая игра» (16+)
01.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 Прямой эфир (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
23.35 Т/с «АННА МЕДИУМ» (16+)
01.40 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

05.00 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20 «Сегодня»
08.25 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
16.45 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
23.40 Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
03.30 Т/с «ШАХТА» (16+))

### ЗВЕЗДА

05.10 Т/с «ЦЕЗАРЬ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «ЗОЛОТАЯ МИНА» (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.25** - **24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 13**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):*** **7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00**
**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуаздджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.25** - «Салам алейкум» (урысыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, шыщхьэуIум и 14**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэ_рыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***
**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 15**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***
**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 16**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 17**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# БЛИЙ Iэюб: Си адэм и хъуэпсапIэр си гъуазэщ



Блий Iэюб



УФ-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр кърат. *2024 гъэ*



И анэм и гъусэу

*Ди республикэм и спортсменхэм ехъулIэныгъэ нэхъыбэ щаIэ спорт лIэужьыгъуэхэм хохьэ дзюдор. ЖыпIэну ирикъунщ Олимп джэгухэм дыщэ медаль Мудрэн Беслъэн, домбеякъыр Тау Хьэсэнбий сымэ абыкIэ къызэрыщахьар, Гъэунэ Андзор, Джэданэ Алим, Анаев Аслъэн, УнэшхуэлI Аслъэн, Настуев Алим, Хьэбэчыр Мурэт сымэ, нэгъуэщI куэди дунейпсо, европей, урысейпсо чемпионатхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ зэрыщытекIуар, я цIэхэр жыжьэ зэрыщыIуар.*

*Нобэ ди псэлъэгъур иужьрей илъэсхэм абыхэм къащIэува, ехъулIэныгъэфIхэр утыкушхуэхэм щызиIэ, ауэ нэхъыбэжкIэ узыщыгугъ хъун щIалэщIэ Блий Iэюбщ. Ар УФ-м и чемпионщ, призерщ, Европэм етIуанэ, дунейпсо чемпионатым ещанэ увыпIэхэр мы гъэм щиубыдащ, «Тажышхуэхэр» тIэу къихьащ.*

*Сэ сыкъапщтэмэ, утыкушхуэхэм къихьэн зэрыщIидзэрэ мы щIалэм набдзэгубдзаплъэу сыкIэлъоплъ, и ехъулIэныгъэхэми сыщыгуфIыкI зэпытщ. Ауэ сэ нэхъыбэу сыдэзыхьэхар щIыпIэ жыжьэ щыIэу, зэIущIэ нэужьым журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритыжым, медалу къихьыу хъуар и анэм зэрыхуишэр къызэрыхигъэщарт. Ар апхуэдизкIэ сигу ирихьати, си щхьэкIэ сехъуэпсащ а щIалэр къэзылъхуахэм. Насыпышхуэщ апхуэдэ бын уиIэныр! Адэанэр зыгъэгуфIэ, абыхэм я дэрэжэгъуэр къэзыIэт, я гур хэзыгъахъуэ быным и гъуэгур сыт щыгъуи зэIухауэ икIи дахэу щытынущ.*

*Хабзэ тхуэхъуауэ, зэхьэзэхуэхэм Iэюб щытекIуахэм деж ди редакцэм щылажьэхэм - спортым тетхыхьхэмрэ дихьэххэмрэ жыдоIэ: «Блийм аргуэру медаль и анэм хуехь». Зыгуэр къытхэхъуам хуэдэуи догуфIэ.*

*Аращи, Iэюб нобэ тхутопсэлъхьыхь и спорт гъащIэм, медаль къихьахэм, лъагапIэщIэм тезыгъэгушхуэхэм, нэгъуэщIхэми.*

**- Iэюб, псом япэу, медаль дапщэ уи анэм къыхуэпхьар псори зэхэту?**

- Пэжыр жысIэнщи, псори зэрыхъур сщIэркъым. Щэ бжыгъэм нэсыну къыщIэкIынщ, ауэ зэхьэзэхуэшхуэхэм къыщысхьауэ тIу яхэтщ абыхэм, си дежкIэ псом нэхърэ нэхъ лъапIэу. Ахэр мы гъэм екIуэкIа европей чемпионатым и дыжьын, дунейпсо чемпионатым и домбеякъ медалхэрщ.

**- Медалхэр уи анэм къыхуэпхьын щыщIэбдзар дапщэщ? СызэригугъэмкIэ, ар уэ занщIэу ебгъэжьакъым.**

- Пэжщ, си текIуэныгъэхэр си анэм хуэзгъэфащэ сыщыхъуар Санкт-Петербург сыщыкIуа 2013-14 гъэхэрщ. Ахэр псори ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэпеуэхэм къыщысхьахэрщ. ЗэрыжаIэу, балигъхэм сахэзыша медалхэрщ.

Санкт-Петербург сыкIуэн хуей хъуат, си тренерым къепсэлъа нэужь - абы зыщцызгъэсэну къыхуагъэлъагъуэрт. Дызэчэнджэща иужь, ар къыхэсхащ. Къысхуагъэлъэгъуахэри нэхъыфIт. ЗэкIэ, нобэр къыдэсым, сыхущIегъуэжакъым.

**- НтIэ, медалхэр псори уи анэм деж щыIэ?**

- Аращ, псори унэм щыIэщ. Си анэм ехъумэ, сабэ тримыгъэхьэу зэрехьэ *(мэдыхьэшх).*

**- Сэ нэхъыбэу зэрызэхэсхымкIэ, езы спортсменхэми зэрыжаIэмкIэ, медаль къахьа нэужь цIыху гуэрым и цIэ ираIуэ: зыр адэм, адрейр анэм, адэшхуэанэшхуэм, къуэш-шыпхъухэм, ныбжьэгъу-гъунэгъухэм, сэ сщIэрэ, нэгъуэщIхэми хуагъэфащэу. Уэ псори анэм хубохь.**

- Арауэ къыщIэкIынщ. Иджыпсту си анэращ къысхуэнари, медалу хъуар абы и цIэкIэ къызохьри изот.

Си адэр дуней псом и чемпион хъухэм ехъуапсэрт. Сэ иджыри сыцIыкIуу, 2009 гъэм, машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдащ ар. СщIэжыр мащIэщ, ауэ IэфIу сигу къинэжащ. Си гъусэу тренировкэхэм накIуэрт, зэхьэзэхуэхэм еплъырт, дэтхэнэ зы адэм хуэдэуи, къыздэщIырт, къыстегузэвыхьырт.

Абы и ныбжьэгъуахэм къызжаIэж, си къуэр дуней псом и чемпион хъуну сыхуейщ, зэражриIэу щытар. Мис абы и хъуэпсапIэм нобэ сиIыгъщ, ар си гум илъщ икIи зыщцызгъэгъупщэркъым. Абы и хъуэпсапIэр зэрызыIэрызгъэхьэным сыхущIокъу икIи дуней псом и чемпион сыхъумэ, си дежкIэ гуфIэгъуэ тIуащIэу щытынущ ар. Алыхьым жиIэмэ, сыхущIэкъунущ икIи слъэкI къэзгъэнэнукъым зэзгъэхъулIэн щхьэкIэ.

**- УкъэкIуэжа нэужь, сыт хуэдэ шхыныгъуэхэр пхуипщэфIрэ уи анэм, сыт нэхъ пфIэфI?**

- Сыт хуэдэ унагъуэ шхыныгъуэри сфIэфщ, псом хуэмыдэу, адыгэ шхыныгъуэхэр. Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, ди анэр IэфIу тхуопщафIэри, хэдэ сщIыркъым: псори сигу ирохь.

**- Бэнэн щыщIэбдзар дапщэщ, дзюдом ухэзышар хэт икIи ар щхьэ къыхэпха?**

- Дзюдом сызышар си адэ къуэш Анзорщ. Ар къыхэсхын хуей щIэхъуар а спорт лIэужьыгъуэм абы щыгъуэ республикэм фIыуэ зэрызыщиужьартщ. Ди дзюдоистхэм я цIэхэр дуней псом щыIурт, зэхьэзэхуэшхуэхэм медалхэр къыщахь зэпытт. Мудрэн Беслъэн, Джэданэ Алим сымэт абы щыгъуэ псори зезыхьэр. Ахэр слъагъуурэ сыдихьэха хъуащ дзюдом. Си япэ тренер Гъэунэ Андзор дыдейхэм фIыуэ яцIыхурт, зэрытренерыфIыр, зэрыцIыху пэжыр ящIэрти, абы и деж сашащ, икIи дыщыуакъым.

**- Дзюдом зыгуэр щыпхузэфIэкIынкIэ зэрыхъунур дапщэщ щызыхэпщIар?**

- Пэжыр жысIэнщи, дзюдом занщIэу сыдихьэхакъым. Спорт гугъущ ар. Дэ ди лъым хэтщ бэнэн, фыщIэн тIэкIур, зэрыжаIэу. Ауэ, дауэ хъуми, сэ сыхуэхьэзыртэкъым абы сыщыкIуам, зыми хэсщIыкIыртэкъым. Дзюдом и Iэмалхэр зэрызмыщIэм, лъабжьэ гуэр зэрызимыIэм щхьэкIэ, къызэхьэлъэкIырт. Мис абдеж ращ тренерым и мыхьэнэр къыщыбгурыIуэр. Дауэ имыщIами, дзюдом сыхишащ икIи сыдригъэхьэхащ.

Япэ лъэбакъуэхэр апхуэдэущ зэрысчар. ИужькIэ, 2014 гъэм, илъэс 17-18-хэм ситу Урысей Федерацэм дзюдомкIэ пашэныгъэр щIалэгъуалэм я деж къыщысхьри, абы къаруущIэ къысхилъхьащ, зэрыжаIэуи, зыкъызэкъуэсхын щIэздзащ. Дзюдор сызэрейр абы иужькIэщ къыщызгурыIуар, фIыуи щыслъэгъуар абы щыгъуэщ.

Уи фIэщ зэрыхъун, а текIуэныгъэр къыщысхьам, си гущIэм къыщызэрыIэта гуфIэгъуэр зэрыжысIэну дыдэр сщIэркъым - щытыкIэ хьэлэмэт сиIар нобэр къыздэсым сщыгъупщэркъым. ИужькIэ апхуэдэ гухэхъуэгъуэ зыхэсщIауэ сщIэжыркъым. Къытригъэзэжауэ щытми, ещхь хъужакъым. Си гум IэфIу къинащ а текIуэныгъэр.

**- Иджы екIуэкIа дунейпсо чемпионатым франджы бэнакIуэр къыщIыщыптекIуар утеплъэкъукIауэ арат хьэмэрэ уи Iэзагъэр хуримыкъуауэ ара?**

- Сешауэ арагъэнт, жысIэнущи, сщIэркъым. Зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIым деж, ипэкIэ укIуэтэху, къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм зыхуэбгъэхьэзырыну къыпхуэнэ зэманыр нэхъ кIэщI хъуурэ макIуэ. Франджым ипэкIэ сызэбэна, Монголием щыщ дзюдоистым къаруушхуэ тезгъэкIуэдащ. Езыр хэщIыхьарэ щIым хэукIам хуэдэу щытти, гугъу сыдехьащ, къысхутемыдзэу. Зэман куэд тезгъэкIуэдащ абы, къару мащIи сщIихакъым. Утыкум сикIыжа нэужь дакъикъи 10 – 15 нэхърэ нэхъыбэ дэмыкIыу къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм щIидзащ, си къарур зэтезгъэувэжыным сыхунэмысу.

Франджым и гъусэу утыкум сыкъыщихьам, япэ дакъикъэр хъарзынэу езгъэжьат, сызэребэныну щIыкIэу къыхэтха тактикэми сытетт, ауэ адэкIэ къэхъуар сымыщIэу, си Iэпкълъэпкъыр зэуэ зэщIэнащ икIи, сыт сымыщIами, а щытыкIэм сыкъикIыжыфакъым. Аращ псори къызыхэкIар.

**- АдэкIэ, «финал цIыкIум» укIуа нэужь, Венгрием къикIа бэнакIуэр алэрыбгъум тебубыдэри, зыгъэзапIэ иумыту утекIуэри, ещанэ увыпIэр къэпхьащ.**

- Абы щыгъуэ зэIущIэм зыхуэзгъэхьэзырыну сыхьэт зытIущ сиIащ. ФIыуэ зызгъэпсэхуауэ утыкум сыкъыхьэжащ.

**- Iэюб, уи хьэлъагъ елъытауэ узыхэт гупым дзюдомкIэ дунейпсо рейтингым сыт хуэдэ увыпIэм ущыт иджыпсту?**

- ИджыблагъэкъагъэщIэрэщIэжа дунейпсо рейтингым ещанэу ситщ. Япэ увыпIэр япон бэнакIуэ Нагоямэ Рюдзю иIыгъщ, етIуанэр Франджым щыщ, лъэпкъкIэ куржы Мхеидзе Лукащ.

**- Уэ нэхърэ сыткIэ нэхъ лъэщ а щIалитIыр?**

- Уей, сяпэ ахэр щиткIэ, сэр нэхърэ зыгуэркIэ нэхъ лъэщым (мэдыхьэшх). Сэ иджыри сызэлэжьын куэд сиIэщ, абыхэм я гугъу иджыпсту сщIынкъым. Ауэ, жысIэнщи, а щIалитIми сатекIуащ. УтемыфIэкIыфынуи щыткъым, ахэри цIыхуу аращ. УатекIуэфынущи, япи уищыжыфынущ. Си къалэн нэхъыщхьэри аращ нобэкIэ – салъыщIыхьэу сатежыжынырщ.

**- Къэхъурэ, бэнакIуэ къыппэщIэтыр уэ нэхърэ нэхъ лъэщу къыпщыхъуу, зэIущIэм щIимыдзэ щIыкIэ уи Iэхэр щехуэх?**

- Апхуэдэу утыкум уихьэныр тэмэмкъым. Япэу узэгупсысын хуейр уэ уи зэфIэкIырщ: абыхэм нэхърэ узэрымынэхъ гуащIэмащIэр, уазэрытекIуэфынур пщIэжу щытыпхъэщ. Зэхьэзэхуэм ухэтын папщIэ гъуэгуу зэпыпчымрэ къарууэ тебгъэкIуадэмрэ куэд яIыгъщ. ЦIыху къыдэплъхэм ялъагъур дыщыбанэ зы махуэращ, ауэ зэхьэзэхуэм унэсын щхьэкIэ мазэ бжыгъэкIэрэ пщIэнтIэпсу еткъуэкIыр зыхуэдизыр абыхэм ящIэркъым. Мис апхуэдиз лэжьыгъэ уи фэм дэбгъэхуам уогупсысыжри, пхузэфIэкIыу хъуар утыкум къыщыбогъэлъагъуэ.

Иджыри жысIэжынщи, си хьэрхуэрэгъур сэ нэхърэ нэхъ лъэщщ, жыпIэу, утыкум уихьэ хъунукъым. Сэ сыкъапщтэмэ, сатекIуэн мурадкIэщ абы сыщIихьэр.

**- Мудрэн Беслъэн щыбэнар уэ узыхэт гупырщ. АтIэ, олимпиадэм и кIэух зэхьэзэхуэм Къэзахъстаным и бэнакIуэ Сметов Елдос ар щыIущIам, ди щIалэм и нэгум зыри къибджыкIыфыртэкъыми, сытегузэвыхьу сригъэгупсысат: ярэби, дыжьын медалымкIэ арэзыуэ арауэ пIэрэ? Апхуэдэу зызэтепIыгъэнри лIыгъэу къыщIэкIынщ, дауэ уеплъырэ?**

- Беслъэн теухуауэ куэд схужыIэнущ. Ар си щапхъэу щыташ, абы нэмыщI, и гъусэу куэдрэ зызгъэсащ. Егъэлеяуэ бэнакIуэ лъэщщ ар, Iэзагъышхуи бгъэдэлъщ. Къэралым и дзюдоист нэхъыфI дыдэхэм яхэтщ жыпIэми, ущыуэнукъым. Олимпиадэм, дунейпсо, европей, урысейпсо чемпионатхэм, зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ. Абы хуэдэхэр лIэщIыгъуитI-щым зэ къэхъуу аращ.

Олимпиадэм Беслъэн щыщыбэнам щыгъуэ, сэ нэхъыбэу сызытегузэвыхьар япон щIалэм дригъэкIуэкIа зэIущIэрщ. Ар абы къызэрыфIихьу, адэкIэ сыпIейтеижакъым. Апхуэдэу жысIэ щхьэкIи, Сметов Елдоси бэнакIуэ къызэрыгуэкIкъым, лъэщхэм яхэтщ ари. Медаль псори: дыщэр, дыжьыныр, домбеякъыр олимпиадхэм къыщихьащ.

**- Зэманыр къедгъэкIэрэхъуэкIыжрэ, фи ныбжьхэмкIэ фызэхуэдэу Беслъэнрэ уэрэ утыкум фыкъихьэмэ, хэт текIуэну къыпщыхъур?**

- Нобэр къыздэсым дапхуэдизрэ дызэмыбэнами, зы щыуагъэ закъуи Беслъэн IэщIэкIауэ сщIэжыркъым. Мудрэныр сыт и лъэныкъуэкIи лъэрызехьэщ. Ар жэуап хуохъу уи упщIэм (*мэдыхьэшх).*

**- ЕхъулIэныгъэ лъагэ спортым ущиIэныр сыт зэлъытар?**

- Псори Алыхьышхуэращ зи къарур. СпортсменитI къэсщтэнщи: тIуми зэгъусэу загъасэ, зэхуэдэу мэлажьэ, ауэ зым ехъулIэныгъэхэр иIэщ, адрейм и Iуэхур зыри хъуркъым. Сыт мыбдежым пхужыIэнур: уи щхьэм илъым, уи гупсысэкIэм, дуней тетыкIэм куэд елъыташ.

**- Насыпри хэтщ абы.**

- Сыарэзыщ, ари хэмыту хъунукъым, зэчийри щIыгъуу. Ауэ умылажьэу, гугъу зумыгъэхьыу щытмэ, зэчий закъуэкIэ зыри къыпхуэхьынукъым. Пэжщ, абыи куэд иIыгъщ, атIэми, нэхъыщхьэ дыдэр уэ пхузэфIэкIыу хъуар, къанэ щымыIэу, бгъэзэщIэнырщ.

**- Абыхэм ящыщу уи деж щынэхъыбэр сыт?**

- Сэ сыкъапщтэмэ, сызэчииифIэ дыдэщ схужыIэнукъым. Псалъэм къыдэкIуэу, зыгъэпсэхугъуэ зэман къызэрыдату, си зэфIэкIым кIэрыхун щIедзэ. ИужькIэ сызэрыта щапхъэм сиувэжын папщIэ, зэманрэ лэжьыгъэрэ сыхуэныкъуэщ. Зэчий гуэрхэри сиIэу къыщIэкIынщ, хэт ищIэрэ, ауэ лэжьыгъэр нэхъыбэщ.

**- Иджыпсту сыт пщIэр?**

- Ди щхьэ Iуэху зетхуэну зэман тIэкIу къыдатащи, унэмкIэ сыщыIащ, фIыуэ зызгъэпсэхуащ. Ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, зызгъэсащ, си формэр сIыгъащ. ШыщхьэуIум дызэхуэсыжынущи, сызэрыкIуэу, абдежым щыщIэзгъэхуэбжьэжынущ. Мы илъэсым иджыри зы зэхьэзэхуэ къыспэщылъщ.

**- Куэд щIакъым уи къуажэ Урыху урагъэблагъэри ущагъэлъэпIащ, зэрыжаIэу, ущаIэтащ. Дауэ къыпщыхъуа ар?**

- Си къуажэм теухуауэ куэд схужыIэнущ. Си сабиигъуэр абы щысхьащ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэрысу сашэжырти, сыщытхъэрт. Ныбжьэгъу куэд щызиIэщ, нобэр къыздэсым дызэрыIыгъщ. Блий лъэпкъыр езыр къуажэм щыцIыкIукъым. Си гум IэфIу къинэжащ абы щызгъэкIуа си сабиигъуэр, сфIэфIуи иджыри сокIуэж.

Си Iуэхур щымыхъу, зэхьэзэхуэхэм зэкIэлъыпыту сыкъыщыхагъащIэу екIуэкIа зэман гуэр сиIащ сэ. Псори къэзгъанэу щхьэ семыжьэжрэ, жысIэным сынигъэсауэ. Мис а си къуажэдэсхэр абы щыгъуэ къызэрыздэщIам, сызэрагъэгушхуам, зэрызыкъысщIагъэкъуам я фIыгъэ куэд хэлъщ нобэ сызэрыхъуам. Мы Iэмалри къэзгъэсэбэпу, фIыщIэ хуэсщIынут Урыху къуажэ администрацэм и унафэщI ЛIыхъугу Умарбэч и гулъытэ сызэрыщимыгъащIэм, и нэIэ къызэрыстригъэтым папщIэ.

Иджы Урыху сыщрагъэблэгъэжам, икъукIэ си гуапIэ къащIащ, сагъэлъэпIащ. Шэч хэлъкъым, апхуэдэм деж нэхъыбэжым узэрытегушхуэм, уи лъэри зэригъэпсынщIэм. Къыспэщылъ зэхьэзэхуэхэм нэхъ ерыщыжу зэрызыхуэзгъэхьэзырын къарурэ гушхуэныгъэрэ къызет абы.

**- Иужьрей чемпионатым ущыбэнам хэт утыку укъизышар?**

- Олимп джэгухэм я чемпион Галстян Арсенщ. Ари и зэманым килограмм 60 зи хьэлъагъ гупырщ зыхэтар. Мудрэн Беслъэнрэ абырэ я ехъулIэныгъэхэм адэкIэ пытщэну дэ къытпэщылъу къалъытэ *(къыпогуфIыкI).*

**- Тхьэм къыуигъэхъулIэ, Iэюб! ДыбдэгуфIэну, дыбдэгушхуэну аращ.**

*Епсэлъар*
**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
# Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

**● Псэущхьэхэм я дуней**

# Мыщэ



Ди щIыпIэхэм щыпсэу мыщэр гъуабжэ-фIыцIафэщ. Езыр пIащэщ, и кIыхьагъыр метритIым ноблагъэ, и хьэлъагъыр килограмм 80-м щыщIэдзауэ 200-м нос.

Нэхъапэхэм ди щIыпIэм мыщэр куэду щыIащ. Ауэ иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъуащ. Сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар? Мэзхэр нэхъ цIырхъ зэрыхъуарщ, щакIуэхэр мыщэм зэрыхуэлъэрщ. А псэущхьэм и фэр къагъэсэбэп, и щэр, и зэзыр хущхъуэхэлъхьэ ящI, и лыр яшх.

Мыщэм къаруушхуэ зэриIэм, дзэшхуэхэр зэрыIутым, лъэбжьанэ кIыхьхэр къызэригъэсэбэпым щхьэкIэ псэущхьэ псори щошынэ. ЦIыхухэри абы фIэмылIыкIыу хъуркъым. Хъыбархэм къыхощыж языныкъуэ цIыхухэр мыщэм ебэнауэ икIи текIуауэ. Дауи, а хъыбархэм пэж гуэрхэри хэлъу къыщIэкIынщ, ауэ апхуэдэр зэзэмызэххэщ къыщыхъункIэ хъунур, ари зэрымыщIэкIэщ. Дауэ мыхъуами, мыщэм Iэщэншэу упэлъэщын щхьэкIэ, лIыгъэшхуэрэ къару инрэ я закъуэкъым узыхуэныкъуэр, Iэмал, хьилэшыгъэ гуэрхэри пщIэн хуейщ. Пэжыр жыпIэмэ, езы мыщэри цIыхум занщIэу зридзыну, ифыщIыну, ишхыну хэткъым – ари мэшынэ. И Iуэху зумыхуэмэ, умыгъэпIейтеймэ, езыми укъыфIэIуэхунукъым. Пэжщ, асыхьэтым езыр мэжэлIарэ зэкъуэхуауэ гъунэгъу дыдэу уIууамэ, къыптеуэнри хэлъщ.

ЩIымахуэ мазэхэм мыщэр мэжей. А псэущхьэхэр илъэс 40-м нэскIэ псэууэ хуагъэфащэ. И шхыныгъуэм и гугъу пщIымэ, мыхьэмышх ищIыркъым: къэкIыгъэм и деж щыщIэдзауэ псэущхьэхэм деж щиухыжу и ерыскъыгъуэщ. Фор зыхилъхьэ щыIэкъым. Мэзыбжьэ матэ ирихьэлIамэ (ар здэщыIэр езым фIы дыдэу къехутэф), зэхекъутэри, бжьэ къэпщIар къепщIэкIауэ яфIешх. Мэзыбжьэхэм нэхъыбэу фор щагъэтIылъыр жыг ку гъуанэращи, мыщэм и лъапэр абы ирeIу, фIыуэ хегъапщIэ, хегъэджэразэри, утхъэжынумэ, къеблагъэ! Апхуэдэу бжьэ зезыхьэ унагъуэхэм мэз лъапэхэм, губгъуэхэм щагъэув я бжьаIуэхэм теуэурэ, я фо матэхэм Iисраф яхелъхьэ.

**● Шхыныгъуэ**

## Лэпс зэщIэт, мэлыл, кIэртIоф хэлъу

Мэлылыр яупщIатэ е зэпауд г 30-60 хъууэ. ЯтхьэщI, шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэжри, дакъикъэ плIыщI хуэдизкIэ ягъавэ, зэзэмызэ тхъурымбэр къытрахыурэ.

ИтIанэ кIэртIоф укъэбза IупщIэурэупщIэтауэ халъхьэ. ЗэIащIэ, шыуаныщхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету дакъикъэ пщыкIутху-тIощIкIэ ягъавэ, абы халъхьэ бжьыныху-шыгъу, щимэ цIыкIуурэ упщIэта шыбжий сыр мыхьэжа, зэпэплIимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ. Шыуаныщхьэр трапIэжри, хьэзыр хъуху ягъавэ.



Шыуаныр пэшхьэкубгъум трагъэувэ, джэдгын хаудэри, и щхьэр техауэ дакъикъитхухыкIэ щагъэт. Iэнэм фалъэ куукIэ трагъэувэ. ПIастэ щIыIэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** мэлылу - г 400, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1100-рэ, кIэртIоф укъэбзауэ - г 200, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50, бжьыныхуу - г 30, шыбжийуэ, шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**● ГушыIэ**

# Сэ апхуэдиз сиIэкъым

Зы гъусэ иIэу Хъуэжэ бэзэрым кIуэри, нартыху къэп къащэхуат. Езыхэм къэпыр къахьыжын щхьэхри, хьэлъэзехьэу бэзэрым дэт гуэрым гурыIуащ. Зэгъусэу къыздэкIуэхэм, зэрымыщIэкIэ цIыху Iувым яхэзэрыхьри, нартыху къэпыр зрагъэхь лIыр яфIэкIуэдащ Хъуэжэ сымэ.

Абы лъандэрэ махуипщI дэкIауэ, Хъуэжэ кIуат аргуэру бэзэрым, япэм и гъуса дыдэр щIыгъуу. Абы щызэрахьэ хъугъуэфIыгъуэхэм хэплъэу къыздакIухьым, и гъусэр плъэри, къицIыхужащ нартыху къэпыр езыхьэжьа хьэлъэзехьэр. Зэуэ къэгуфIэри, ар Хъуэжэ щригъэлъагъум, абы и нэщхъыр зэхиуфэри щIэпхъуэжащ. И гъусэри кIэлъожэ. ЩылъэщIыхьэм еупщIащ:

- Уа, Хъуэжэ, езыр къэбубыдыным и пIэкIэ, уэ щхьэ ущIэпхъуэжа?

- Уэ егупсысыт, махуипщI хъуауэ си нартыху къэпыр къысхуезылъэфэкIым ахъшэ дапщэ естын хуейуэ къыстехуа уи гугъэрэ?! Сэ апхуэдиз сиIэкъым, - жэуап къитыжащ Хъуэжэ.



**● Нэщэнэхэр**

# Джэдур жыхапхъэм епIэстхъмэ...

- ♦**Гъуэгущхьэlум пхъэщхьэмыщхьэ жыг хэпсэну фIыщ.**
- ♦**Джэгу пщIыхьэпIэу плъагъумэ, уонэщхъей жаIэрт.**
- ♦**Джэдур жыхапхъэм епIэстхъмэ, хьэщIэ къэкIуэнущ.**
- ♦**Iэ щIыбкIэ псы къибгъэхъуэну фIыкъым.**
- ♦**Бабыщхэм удзым зыхакухьмэ, уэлбанэ хъуну къалъытэрт.**
- ♦**Бжэщхьэlум зыгуэр щызэIэпыпхмэ, узэщохьэ жаIэрт.**
- ♦**Былым къозытыр щIэмыфыгъуэжмэ, мэбагъуэ жаIэрт.**

**● ЖыIэгъуэхэр**

# Уи гур зэIупхыну ухуэмыпIащIэ

- ♦**Мыхъумыщlагъэ фIэкIа къыбдэзымылъагъур набгъэми къыщынэркъым.**
- ♦**Сабий хьэлыр кIуэдынкIэ умышынэу зыхэдз, жьы ухъумэ, укъигъуэтыжынщ.**
- ♦**Тыгъэ пщIынур умыщIэмэ, уи гум къыщIитхъыр къыпыч.**
- ♦**УзищIысыр умыщIэжмэ, зумыпэсым еупщI: пхуэфащэр зыхыуигъэхынщ.**
- ♦**Уи гур зэIупхыну ухуэмыпIащIэ, ущIауэ къэнэнщ.**
- ♦**Уи мынасып къоуалIэмэ, зыпыIудз: пшыныжыкIейр къыпхуэкIуэнщ.**
- ♦**Уи пIэм сыну уижыхьмэ, ухатIэжыну хуежьэнщ.**
- ♦**Хъун гуэр къыбжьэдэкIмэ, къафIытегъэзэж: апхуэдэр я тхьэкIумэм ихьэркъым.**
- ♦**ЦIыхум и ныкъусаныгъэр щызыбзыщIым еукI, ирибыдылIэу жезыIэри хелъафэ: Iэмал екIуэн хуейщ.**
- ♦**ЦIыхум ищIэнур гъэунэху, ауэ къуищIэну псом уемыжьэ.**
- ♦**Чэнджэщ кIыхьыр Iуэху зэIыщIэщ.**
- ♦**Щытхъум зумыгъэхьмэ, щхъухьым укъелащ.**
- ♦**Щытхъур уи щхьэм занщIэу хуумыхь – цIыхугъэм и хьэтыркIэ жаIэу арагъэнщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Егъэлеяуэ быным хуэгумащIэ цIыху. **5**. Къурш щыгум апхуэдэуи йоджэ. **7**. Куэдрэ щыта махъсымэр зэрытам и лъащIэм къыщIэнэр. **8**. Адэшхуэм чэнджэщ ирет дзэ къулыкъум дэкI и къуэрылъхум: «ЛIы хуэдэлIу щыт, ... жегъэIэ!» **10**. Япэ ... ущIэмынакIэ. **11**. Акъылыр щагуэшым а плIанэпэм дэса куэд щыIэщ. **13**. Адыгэ уэрэджыIакIуэ Iэзэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **14**. ... зэуар аркъэным щощтэ. **15**. ЩIэгъэкъуэн, сэх. **16**. Гъэмахуэ жэщ никъуэм къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къищыблэ вагъуищ

***Къехыу:*** **1**. УэрэджыIакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **2**. МафIэ бзий къыдидзу, уафэм къыщоуэ. **3**. ПIастапхъэ. **5**. Гъавэ кърахьэлIэжам щыщу тхьэмыщкIэхэм лъагъэс Iыхьэ. **6**. Тэрч щIыналъэм хиубыдэ къуажэ цIыкIу, цIыху 300 хуэдиз дэсу. **8**. Муслъымэн лъэпкъышхуэ. **9**. Налшык дэт Музтеатрым и уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **12**. КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIа адыгэ тхакIуэ, усакIуэ. **16**. ... зимыIэм шкIэ щIещIэ. **17**. ... зыгъуэт нэху тещхьэркъым.

*Зэхэзылъхьар*
**Мыз Ахьмэдщ**.

***Бадзэуэгъуэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

**ЕкIуэкIыу**: **7**. Мэщ. **8**. Лъэр. **9**. ИкIэ. **10**. Ипэ. **12**. Ишх. **14**. Хум. **15**. Ин. **16**. Бын. **18**. ФIэщ. **20**. Мэл. **21**. Адэ. **22**. Хьэр.

***Къехыу***: **1**. IэфIщи. **2**. Псалъэ. **3**. Псори. **4**. Зэхих. **5**. Имыхуэмэ. **6**. Мэунэри. **11**. Псы. **13**. ШкIэ. **16**. Благъэ. **17**. НакIэр. **18**. ФIэбэр. **19**. Щхьэуз.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



# Краснодардэсхэм я лэжьыгъэхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ «Гибискус и другие. Диалог» выставкэр. Абы хагъэхьащ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэу Краснодар крайм щыщ художник зыбжанэм я лэжьыгъэхэр.**

УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм Краснодар крайм щиIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Ли Александр и IэдакъэщIэкIхэм къадэкIуэу, мы гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ абы и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу сурэтыщI 16-м ящIахэр, лэжьыгъи 100-м нэблагъэ къызэщIиубыдэу. Дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм я ехъулIэныгъэхэр, мамырыгъэм щIэбэн зауэлIхэм пщIэ зэрахуэфащэр, хэку лъагъуныгъэр, художникхэр зыгъэгузавэ Iуэхугъуэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ абы.

- Краснодар крайм щыщ художникхэм я IэдакъэщIэкI гъэщIэгъуэнхэр Налшык къыздэсшащ. Ди гупсысэкIэр зэрызэтехуэмрэ творчествэм дызэрыдихьэхымрэ дызэкъуегъэувэ. Мы выставкэр сэркIэ щIэщыгъуэщ, - жеIэ Ли Александр. - Зы пэшым си сурэтхэр, адрейм си лэжьэгъухэм ящIахэр щагъэлъагъуэ икIи Налшык къалэм щыпсэухэр фыщыдогъэгъуазэ зэныбжьэгъухэм гъуазджэм худиIэ еплъыкIэм. Фигу ирихьмэ, ди гуапэщ. Выставкэр щIыналъэхэм ди зэныбжьэгъугъэм, зэпыщIэныгъэм, щэнхабзэкIэ



дызэрызэхъуажэм и дамыгъэщ. Налшык япэу сыкъакIуэу аращи, къалэм щыпсэухэмрэ музейм и лэжьакIуэхэмрэ гуапэу къызэрытIущIам сигъэгушхуащ. Къалэм и щIыуэпсыр узыIэпызышэщ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ Краснодар крайм и художникхэм фIыщIэ яхуищIащ я IэдакъэщIэкIхэр республикэм, къалэм щыпсэухэм тыгъэ къызэрытхуащIам папщIэ, лэжьыгъэхэм щIыналъэм и щэнхабзэ, гъуазджэ щытыкIэр зэрырагъэфIакIуэр, дяпэкIи я зэпыщIэныгъэм зрагъэубгъуну зэрыщыгугъыр жиIащ.

Ли Александр и лэжьыгъищ тыгъэ хуищIащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм. Гъэлъэгъуэныгъэр шыщхьэуIум и 30 пщIондэ лэжьэнущ. КъыкIэлъыкIуэу сурэтхэр щагъэлъэгъуэнущ Дон Iус Ростов, Краснодар къалэхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

# Хэт япэ ищынур?

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэр иухыным къэнэжар и Iыхьэ щанэращ. АрщхьэкIэ жыжьэуи наIуэкъым абы щытекIуэнур хэтми.**

БЖЬЫПЭР иджыпсту зэпеуэм щызыIыгъ Псынэдахэ и «Родник»-м и гъуащхьауэхэр гупым щынэхъ лъэщ дыдэхэщ. Ику иту я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм абыхэм топ тхурытху дагъэкI. Iейкъым я гъуащхьэхъумэхэри. АбыкIэ къызыпикIуэтыр джэгугъуитI къэс ику иту зы топ закъуэ фIэкIа къызыхудамыгъэкIыф «Тэрчым» и закъуэщ.

Джылахъстэнейхэр иджыпсту очкоищкIэ «Родник»-м къыкIэрыхуми, зыщыдгъэгъупщэнкъым зы зэIущIэкIэ нэхъ мащIэрэ зэрыджэгуар. Ар Алътуд и «Искра»-м дригъэкIуэкIын хуеяуэ ягъэIэпхъуаращ икIи абы кърикIуэ бжыгъэм куэдкIэ елъытащ дыщэ медалхэм теухуауэ екIуэкIыну бэнэныгъэр зыхуэдэнур.

Турнир таблицэм и лъабжьэм теухуауэ ущIэпIейтеин щыIэкъым. Ар быдэу яIыгъщ «Урыхумрэ» «Логоваз»-мрэ. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, абыхэм мыгувэу яхыхьэфынущ иужь джэгугъуиблыр зыфIахьа Шэджэм и «Черкес»-р.

Гъуащхьауэ нэхъыфIхэм я зэпеуэм щыпашэхэр аргуэру тIу зэрыгъэхъуащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм 15-рэ къыщыхэжаныкIа тэрчдэс Iэщын Аслъэн лъэщIыхьэжащ «Родник»-м щыщ Урысбий Ратмир.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Бедик**» (Аргудан) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **2:2**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Искра**» (Алътуд) - **2:4**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **4:2**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1:1**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **2:9**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Родник»** | **14** | **13** | **0** | **1** | **70-12** | **39** |
| **2. «Тэрч»** | **13** | **12** | **0** | **1** | **54-7** | **36** |
| **3. «Искра»** | **13** | **11** | **1** | **1** | **47-13** | **34** |
| 4. «Нартан» | 14 | 7 | 2 | 5 | 47-44 | 23 |
| 5. «Ислъэмей» | 14 | 7 | 0 | 7 | 38-40 | 21 |
| 6. «Псыгуэнсу» | 14 | 6 | 1 | 7 | 29-44 | 19 |
| 7. «Спартак-Д» | 15 | 5 | 3 | 7 | 34-41 | 18 |
| 8. «Бедик» | 15 | 5 | 2 | 8 | 27-50 | 17 |
| 9. «Малка» | 14 | 5 | 0 | 9 | 24-34 | 15 |
| 10. «Черкес» | 15 | 3 | 3 | 9 | 27-48 | 12 |
| 11. «Логоваз» | 14 | 2 | 2 | 10 | 17-54 | 8 |
| 12. «Урыху» | 13 | 1 | 0 | 12 | 20-47 | 3 |

# Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр зэIуощIэ

● Дызэкъуэту

**Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэ зэпэщIэувэныгъэхэмрэ дзэ Iуэху хэхамрэ хэкIуэдахэм шахматымкIэ я фэеплъ зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ СВО-м и ветеранхэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ. Ар къызэрагъэпэщащ республикэм и ветеран зэгухьэныгъэхэм я жэрдэмщIакIуэхэм.**

ЗЭПЕУЭМ щытекIуащ ГъукIапщэ Юрэ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къахьащ Къалмыкъ Русланрэ Бырсекъуэ Замиррэ. ТекIуахэм иратащ медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр.

Хэкум и хъумакIуэм и илъэсыр гъэлъэпIэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа Iуэхухэр жыджэру зэрыдаIыгъам щхьэкIэ Нартан къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI КIагуэ Валерэ, художественнэ унафэщI ДыщэкI Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэми фIыщIэ тхылъхэр иратащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2025 гъэм и бадзэуэгъуэм щегъэжьауэ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэм ирата субсидиемкIэ зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм ныкъуэдыкъуагъэ хэзыхахэм я «ВоИн» зэгухьэныгъэм «Дыдейхэр утыку къиднэркъым-2.0» социальнэ пэхуэщIэр егъэзащIэ. Ар хуэунэтIащ ветеранхэр мамыр псэукIэм къыхэшэжыным, я



дэрэжэгъуэмрэ гукъэдэжымрэ нобэрей зэхьэзэхуэхэм хуэдэхэмкIэ, Iуэхугъуэ щхьэпэхэмкIэ къэIэтыным, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм хэтахэм я зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэхэр зэгъэуIуным.

ПэхуэщIэм и унафэщIхэр КъБР-м и Парламентым и депутат, «ВоИн» щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимуррэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм физкультурэмрэ спортымкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм хэт, щIыпIэ «ВоИн»-м и унафэщIым и къуэдзэ Галушкэ Михаилрэщ.

**НАУРЫЗЫКЪУЭ Мысост.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.290 Заказыр №1716

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А